



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LEKÒL SAN DISTRAKSYON: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUYÒK VINI PI GRAN ETA NAN PEYI A KI GEN RESTRIKSYON NAN TOUT ETA A SOU TELEFÒN ENTELIJAN YO DEPI NAN PREMYE SON RIVE NAN DÈNYE SON KLWÒCH NAN LEKÒL LA

Gouvènè a kenbe pwomès li pou limite itilizasyon telefòn entelijan nan lekòl K-12 yo pandan tout jounen lekòl la; egzije lekòl yo pou yo bay paran yo yon fason pou kontakte elèv yo pandan jounen lekòl la lè sa nesesè

Lekòl yo pral gen fleksibilite pou kreye pwòp plan aplikasyon pa yo; Bidjè a atribye 13.5 milyon dola pou solisyon estokaj lekòl yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke Nouyòk ap vin pi gwo eta nan peyi a ki egzije restriksyon sou telefòn entelijan nan lekòl K-12 yo, atravè tout eta a. Gouvènè a te garanti viktwa istorik sa a kòm yon pati nan akò sou Bidjè Eta a pou ane fiskal 2026 la. Apre akò sa a ak pwomilgasyon Bidjè Eta a pou ane fiskal 2026 la, politik lekòl san distraksyon Eta Nouyòk la pral antre an vigè otòn sa a pou ane lekòl 2025-2026 la. Anons jodi a bati sou angajman lidè nasyonal Gouvènè Hochul te pran pou pwoteje sante mantal jèn yo ak pwomouvwa siksè elèv yo nan epòk dijital la, apre aksyon li te fè ane pase a pou sekirize ak siyen yon lwa ki se premye nan nasyon an pou mete restriksyon sou fliks rezo sosyal ki adiktif pou minè yo.

"Nouyòk te premye eta ki te vize piblikasyon rezo sosyal ki adiktif — epi kounye a nou se pi gwo eta ki mete restriksyon sou telefòn entelijan nan lekòl yo pandan tout jounen lekòl la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen konnen jèn nou yo reyisi lè y ap aprann epi grandi, pa lè y ap klike epi defile — e se poutèt sa Nouyòk kontinye alatèt nasyon an nan pwoteje timoun nou yo nan epòk dijital la."

Nouvo egzijans sa a pral anplas nan ane eskolè 2025-26 la epi li pral aplike nan tout lekòl ki nan distri lekòl piblik yo, ansanm ak lekòl prive yo ak Konsèy Sèvis Edikasyon Koperativ (Boards of Cooperative Educational Services, BOCES) yo.

Règleman Gouvènè Hochul la sou telefòn selilè kreye yon estanda nan tout eta a pou lekòl san distraksyon nan Nouyòk, ki gen ladan:

- Pa gen okenn itilizasyon san otorizasyon telefòn entelijan ak lòt aparèy pèsònèl ki pèmèt ou konekte ak entènèt sou lakou lekòl la nan lekòl K-12 yo pou tout jounen lekòl la (soti depi nan premye rive nan dènye son klwòch la), ki gen ladan lè salklas ak lòt anviwònman tankou dine ak peryòd sal etid yo.
- Pèmèt lekòl yo devlope pwòp plan yo pou estoke telefòn entelijan pandan jounen an — bay administratè yo ak pwofesè yo fleksibilite pou yo fè sa ki pi bon pou bilding ak elèv pa yo.
- Garanti 13.5 milyon dola nan finansman ki disponib pou lekòl ki bezwen asistans nan achte solisyon estokaj pou ede yo libere yo kont distraksyon.
- Li egzije pou lekòl yo bay paran yo yon fason pou yo kontakte pitit yo pandan jounen an si sa nesèsè.
- Egzije pou yo konsilte pwofesè yo, paran yo ak elèv yo nan devlopman règleman lokal la.
- Anpeche disiplin ki pa jis.

Politik Gouvènè Hochul la klarifye ke elèv yo ta toujou otorize pou yo gen aksè ak telefòn selilè senp ki pa gen kapasite pou konekte ak entènèt, ansanm ak aparèy ki pèmèt yo konekte ak entènèt yo bay ofisyèlman nan lekòl yo pou ansèyman nan salklas yo, tankou òdinatè pòtab oswa tablèt yo itilize kòm yon pati nan plan leson yo.

Anplis de sa, politik Gouvènè a gen ladann plizyè egzanpsyon pou restriksyon telefòn entelijan, tankou pou elèv ki bezwen aksè ak yon aparèy ki pèmèt ou konekte ak entènèt pou jere yon kondisyon medikal, kote Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) yon elèv egzije sa a, pou rezon akademik, oswa pou lòt rezon lejitim, tankou tradiksyon, swen famiyal ak ijans.

Gouvènè Hochul te pouswiv inisyativ sa a apre li te fin patisipe nan yon toune ekout ak pwofesè yo, paran ak elèv nan tout eta a, epi li te rasanble rezilta pou sipòte nesèsite pou pi gwo restriksyon sou telefòn selilè nan lekòl nou yo. Rapò li a ["Plis Aprantisaj, Mwens Defileman: Kreye Lekòl San Distraksyon"](#) gen ladann:

- Telefòn entelijan yo distrè elèv yo epi anpeche aprantisaj ak kreyativite.
- Anviwònman san telefòn yo pa konpwomèt sekirite elèv yo.
- Anviwònman san telefòn yo sipòte sante mantal elèv yo ak pwofesè yo.
- Kominikasyon ouvè ak konsèy dirèk pou tout moun ki gen enterè yo se kle pou aplikasyon ki pote siksè.
- Lekòl yo dwe adrese nenpòt enkyetid paran yo konsènan rete an kontak ak pitit yo pandan jounen an.
- Yon politik efikas san distraksyon dwe rete konsantre pandan tout jounen lekòl la, olye ke se sèlman nan lè yo nan salklas la.
- Lekòl yo ka ranfòse anviwònman san distraksyon yo lè yo konekte plis elèv ak angajman an pèsòn tankou klib, espò, atizay ak lòt pwogramasyon.

Règleman an souliye angajman Gouvènè a depi lontan pou pwoteje sante mantal jèn yo:

An jen 2024, Gouvènè Hochul te siyen Lwa SAFE pou Timoun lan apre li te defann ak asire pasaj lejislasyon an. Lwa sa a, ki se inik lwa ki te siyen nan nenpòt eta nan nasyon an, egzije konpayi rezo sosyal yo mete restriksyon sou piblikasyon ki kreye depandans sou platfòm yo pou itilizatè ki poko gen 18 an. Sòf si gen konsantman paran yo, itilizatè ki poko gen 18 an p ap resevwa piblikasyon ki kreye depandans. Gouvènè Hochul te siyen tou Lwa Pwoteksyon Done Timoun Nouyòk la, ki entèdi sit entènèt yo ak aparèy ki konekte yo kolekte, itilize, pataje oswa vann done pèsonèl nenpòt moun ki poko gen 18 an, sof si yo resevwa konsantman enfòmè oswa sòf si fè sa nesèsè pou rezon sitwèb la.

Nan kad investisman 1 milya dola Gouvènè Hochul nan sante mantal nan tout eta a, Gouvènè a te siyifikativman elaji aksè ak swen sante mantal ak resous pou elèv yo. Ane pase a, eta a te disponib 20 milyon dola nan finansman konpayi demaraj yo pou plis klinik sante mantal ki baze nan lekòl ki te lanse yon aplikasyon kontinyèl, ki te fè li pi fasil pou lekòl ki enterese yo etabli satelit sa yo pase nan pwosesis akizisyon eta deja itilize. Depi anons sa a nan mwa fevriye 2024, eta a te finanse 71 nouvo satelit klinik — ki gen ladan 40 nan distri ki gen gwo bezwen yo — pou ajoute plis pase 1,100 ki egziste kounye a nan tout eta a.

Pezidan Pwofesè Reyini Eta Nouyòk la (New York State United Teachers, NYSUT), Melinda Person, te deklare, "Sa pa vle di nou kont telefòn oswa kont teknoloji — sa vle di nou ap favorize anfans. N ap bay elèv yo sèt èdtan pa jou san distraksyon pou yo ka konsantre sou aprantisaj, jwenn aksè a kreyativite yo, epi fè koneksyon imen reyèl. Pou nou abòde itilizasyon medya sosyal ak teknoloji kòm yon pwoblèm sante piblik, sa ap mande patenarya, edikasyon ak kouraj kontinyèl — epi Nouyòk pare pou mennen bak la."

Fondatè Phones Free Nouyòk la, Raj Goyle, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak lejislati a pou pozisyon vrèman kouraj yo nan pwoteje timoun nou yo kont efè danjere telefòn entelijan nan lekòl yo. Antanke papa de ti fi adolesan nan Nouyòk mwen fyè ke Nouyòk pral pi gwo eta nan peyi a ki gen yon òkès depi nan premye rive nan dènye son klòch la. Nou pa ka tann pou nou travay avèk distri lekòl yo pou aplike lwa inovan sa a. Se yon nouvo jou pou timoun nou yo ak pwofesè nou yo san distenksyon."

Fondatris ak Direktris Egzekitif Mothers Against Media Addiction (Mothers Against Media Addiction, MAMA), Julie Scelfo, te deklare, "Telefòn entelijan yo fèt pou kreye depandans nan yon fason ki fè li pi difisil pou timoun yo konsantre epi aprann. Antanke paran, nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lejislati yo ki te dirije efò sa a pou sipòte aprantisaj angaje ak san distraksyon nan lekòl nou yo, pou fè Nouyòk vin yon modèl pou res nasyon an. Volontè MAMA yo kontan anpil ak viktwa sa a — senk eta pèdi, epi sèlman 45 lòt pou franchi."

Responsab Seksyon Harlem pou Mothers Against Media Addiction ak Avoka Byennèt Timoun, Muna Heaven, te deklare, "Paran ak edikatè yo fristre akòz sa teknoloji adiktif sa yo ap fè pitit nou yo, epi mwen fyè anpil pou m viv nan yon eta kote desidè yo ap koute epi yo dispoze goumen pou sa yo konnen ki bon. Gras a defansè

nou yo ak lidè tankou Gouvènè Hochul, Nouyòk kounye a se pi gwo eta nan peyi a ki pase restriksyon konplè sou telefòn entelijan pou tout lekòl K-12, yon règleman ki pa sèlman pral amelyore rezilta edikatif yo, men tou byennèt jeneral elèv yo nan tout eta a."

Anika Bhupati, etidyan nan lekòl premye sik segondè Farnsworth nan 8è ane, te deklare, "Entèdiksyon telefòn entelijan 'soti depi nan premye rive nan dènye son klòch' la vrèman transfòme anviwònman lekòl nou an lè li ede elèv yo konsantre, kiltive relasyon ki gen sans, epi renouvle angajman yo anvè aprantisaj. San distraksyon konstan telefòn entelijan yo, salklas nou yo vin tounen espas kote elèv yo totalman prezan, angaje, epi yo ekipe pou yo reyisi. Règleman sa a se yon etap enpòtan nan pwoteje potansyèl jenerasyon k ap vini yo epi asire ke lekòl atravè Nouyòk yo rete yon lye kote edikasyon vini an premye."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)